Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2024 соналъул 9 август Рузман №36 (7850) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багъа 8 гъурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**Райадминистрациялда**

## ГIи-боцIуда биркаби раялъул, районалъул юбилеялде хIадурлъиялъул ва цогидалги кIвар бугел суалал рорхана

6 августалда Агъвали райадминистрациялъул данделъабазул залалда районалъул нухмалъулев Шамил ГIумаровас тIобитIана иргадулаб данделъи.



Гьенир гIахьаллъана учреждениябазулгун организациябазул нухмалъулел, росабазул бутIрул, ветеринариял хIалтIухъаби ва райадминистрациялъул жавабиял хIалтIухъаби.

Данделъиялда гIахьаллъана республикаялъул ветеринарияб комитеталъул вакил АсхIаб ГIабдуразакъов.



Гьенир гIенеккарал суалазул аслияблъун букIана районалда гIадамазул ва магIишатазул гIи-боцIуда биркаби раялъул хIалтIул хIакъалъулъ. Гьеб рахъалъ районалда гьабулеб хIалтIул бицун кIалъазе яхъана районалъул ветеринарияб управлениялъул нухмалъулей ПатIимат Маликова.

ПатIиматил рагIабазда рекъон, лъабабилеб нухалъ гIенеккулеб бугониги, гьеб рахъалъ гьабулеб хIалтIи районалда хIинцро унеб буго. Руго жеги цо-цо росаби гьеб хIалтIи



жакъа къоялъги байбихьичIел. Гьединаздаса рехсезе бегьула Гьакъо, Метрада, Гъоркъхъварщини ва Хушет росаби. Байбихьаразги хIалтIи бихьизабураб заманалда тIубазабизехъин гьечIо. КъваригIун бугин абуна Маликовалъ, районалъе къураб тIадкъаялъул бащалъигIаги гIагарал къояз тIубазабизе.

ГIи-боцIуда биркаби раялъе хIукуматалъ кьолеб кIваралъул бицун кIалъазе вахъана АсхIаб ГIабдуразакъов. Араб соналъул 1 сентябралда къуваталде араб Федералияб законалъул (№22I-ФЗ) тIалабазда рекъон тIадаблъун гьабун буго гIи-боцIуда маркаби (биркаби) разе ва гьезул хIисаб гьабизе. Гьеб суалалде кIудияб кIвар кьолеб буго хIукуматалъ. Гьелъие нугIлъи гьабулеб буго гьал къояз гьеб суалгун районалде республикаялъул ветеринарияб комитеталъул нухмалъулев вачIун вукIиналъ. Гьеб хIалтIи кьокъабго заманалда гIуцIадго тIубазе ккелин, кин гьабизе кколеблъиги нужедаго лъалин абуна АсхIаб ГIабдуразакъовас.

-Лъабабилеб нухалъ руго нилъ гьаб суалалда сверухъ данделъун. Цебесеб данделъиялдаги бицун букIана кин гьеб хIалтIи гIуцIизе кколебали, амма жакъаги гьеб хIалтIи байбихьичIел росдал администрациябазул нухмалъулезда щиб абилеб, лъазе бокьила гьелъие бугеб гIилла,-ян абуна Шамил ГIумаровас, ва лъазабуна августалъул ахиралде гьеб хIалтIул бащалъи тIубазабизе ккелин.

Данделъиялда гьединго гIенеккана росдал администрациябазда рагъулаб хIисаб гьабиялъул (ВУСалъул) хIалтIул хIакъалъулъ районалъул рагъулаб комиссариаталъул отделалъул нухмалъулев Шагърурамазан Махаевасул информация.

Жиндирго кIалъаялъулъ Ш.Махаевас рихьизаруна гьезул хIалтIулъ ругел аслиял гIунгутIаби, бицана хIалтIи гIуцIизе кколеб къагIидаялъул.

Районалъул 95 сонилаб юбилеялде ва августалъул лъуга-бахъиназ 25 сон тIубаялде гьабулеб хIадурлъиялъул суалги гIенеккана данделъиялда.



Гьел тадбиразул гIуцIиялъулаб комитеталда тIадкъана гьабулеб хIалтIи жеги мухIкан гьабизе.

Районалъул муниципалиял учреждениябазул ва организациябазул токалдаса пайда босиялъухъ ккарал налъабазул хIакъалъулъ бицана районалда бугеб энергосбыталъул отделениялъул нухмалъулев Шагърурамазан Расуловас.



Токалдаса пайда босиялъухъ муниципалиял учреждениябаз налъи ккезе тезе бегьуларо, гьединал хIужаби ратани, жиндир заманалда налъи бецIизе ккелин лъазабуна районалъул нухмалъулес.

Гьединго Шамил ГIумаровас абуна рекъараб гьечIин гьенир хIалтIулел хIалтIухъаби ва нухмалъулел налъукке ккейги.



Данделъиялда гьединго гIенеккана цогидалги суалал.

Гара-чIвари

# ЦIумадисезда лъала гьоболасул къимат гьабизе

«ХIакъикъат» казияталъ байбихьун буго районазул ва цо-цо росабазул нухмалъулезулгун туризмалъул хIакъалъулъ гара-чIвари гьабизе. Гьаб нухалъ нижеца бухьен гьабуна ЦIумада районалъул нухмалъулев Шамил ГIумаровасулгун.



**- Шамил ГIабдулаевич, араб соналде дандеккун, исана кин бугеб районалде туристазул рачIин?**

- Араб соналде дандеккун гьезул къадар дагьлъун бугилан абиларо. Гьезул мухIканаб рикIкIен рехсонги бажариларо, амма церего гIадин исанаги рачIунел руго гьел. Гьеб рахьалъ нижер гьаниб хIалтIи гIуцIула районалъул ЕДДС-алъул (единная дежурная диспетчерская служба) нухмалъулев ХIажимухIамадов Шамилица. Гьес рачуна туристал районалъул тарихиял ва берцинал бакIазде.

**- Районалда ругищ гьалбал къабул гьарулел рукъзал, гIуцIун ругищ гьелъие гIурал шартIал? Масала, рега-рахъине, квана-гьекъезе бакIал?**

-Жакъа Агъвали, гIурул рагIалда, берцинаб бакIалда буго гьалбадерие бараб рукъ. Гьенив къабул гьавизе бегьула 10-15 чи. Силди лъарахъ рохьил ахалъиялда ХIабиб НурмухIамадовасул спортивияб комплексалда буго 100-гIанасев чиясе вега-вахъине ва кваназе рес бугел бакIал. Инхокъвари лъарал рагIалда, дандбитIун рохьгун буго 20-25 чиясе бакI бугеб гьалбадерил рукъ. Хуштада рохьоб буго «Горные вершины» абураб спортивияб база. Гьеб ккола хIухьбахъиялъулаб базаги, гьенире рачIуна туристал, гьединго гIисинал лъималгун эбел-эмен. Гьенив буго 57 чиясе кваназе санагIалъи бугеб столовая. Гьенибго буго пекарняги. Районалда буго Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат ГIабдурахIман Камиловас бараб лъабтIалаяб мина. Гьениги къабул гьарула гьалбал. Нижеца гьоркьисалаго заказ гьарун рукIана евростандарталда рекъон туристазе районалъул тIабигIат берцинал ва тарихиял бакIазде ине нухал рихьизарулел игIланал (маршрутоуказатели).

Ругелъул ЦIумада гIадамазе балагьизе ва щвезе бокьулел гIемерал гьайбатал бакIал: Инхокъвари бугеб дарууяб лъим «Регьа», гьакварисезул чвахи, Хонохъ, КIванада ва цогидалги хIорал, даруял лъел иццал, спортивиял комплексал, гьоболасул рукъзал, шайихзабазул зияратал ва цогидалги гIемерал тарихиял бакIал.

**- МугIрузул росабалъ бокьараб жо ккезе бегьулелъул, бугищ районалда гьезие медицинаялъулаб кумек гьабизе рес?**

-Республикаялъул сахлъи цIуниялъул министр Татьяна Беляевалъ араб соналъ коллегиялда абуна ЦIумада район бугин ЦIунтIа, БежтIа, Болъихъ ва ГIахьвахъ районазе «Скорая помощь» гIадинаб бакIилан. Нижер больницаялъе ва врачазе лъикIаб къимат кьуна министралъ. Исана гьаниб рагьизехьин буго районазда гьоркьосеб хирургиялъулаб центр. Руго гьанир лъикIаб хIалбихьи бугел специалисталги, гьелъие минабакIги, нижецаго кумекги гьабун, гIатIид гьабизе буго. Гьеб рахьалъ нижее кумек гьабула нижерго меценатаз. Вуго дирго гIагарав чи-меценат МухIамад Вечедов. Араб соналъ гьесул гIарцудалъун капиталияб ремонт гьабун къачIана райбольницаялъул бактериологиялъулаб лаборатория. Гьалбадерие медицинаялъулаб кумек гьабизе нижер рес буго, щал гьоболлъухъ рачIаниги, гьезукьа нечараб хIал гьечIо, букIинеги гьечIо. Гьезие къваригIараб медицинаялъулаб хехаб кумек кидаго щола, щвезеги буго. Гьединлъидал, гьеб рахьалъ кинабгIаги къварилъи гьечIо.

**- Туристаз бищунго сунде кIвар кьолеб?**

- Руго батIи-батIиял гьезие рихьизе бокьулел бакIал. Масала, Хонохъ росдада тIад магIарда бугеб «Сердечко» абураб рекIел суратаълул хIор. Туристазги гьеб бакI цIехола. Гьенибго сверухъ буго гIажаибго хIикматаб берцинлъи. Руго батIи-батIиял чвахелал, иццал. Гьебго инхокъварисезул дарууяб лъим «Регьа», гьединго силдадерил дарууяб лъим «Сильдинка». ГIоралда ва лъаразда тIасан маххул кваразул гьарурал дал-даларал кьоял, «ГIодулеб къуру». ЦIакъго гIурччинлъи гьечIониги, гьел къураби ва кIкIалал, сверухъ ругел рохьал гьезие цIакъ рекIее гIола.

**-Туристаздаса хайир букIуниш районалъе?**

- Хайир гьечIого букIунаро. Нижеца районалде вачIунев щивав туристасул хъвайхъвагIай гьабула. Районалда жаниб гьабулеб туризмалъе, гьелдаса лъикIаб жо щиб бугеб? БатIиял пачалихъазде, масала, Турция, ГIарабазул Эмиратал ва гьел гурел цогидалги улкабазде хьвадизегIан, мугIрузде рачIине лъикIаб гьечIищ гьезиеги? Нижеца туризмалъе 10 маршрут буго бихьизабун. Гьез руго жидеего рагьарал сайталги. Новгородалдаса рачIун рукIана дагьаб цебегIан 10-15 чиясдаса гIуцIараб туристазул кьокъа. Гьел рачана Эчеда росдада гьоркь бугеб майданалде. Гьенибги буго гIурул рагIалда гьоболасе бараб рукъ. Гьебги буго туристазе лъикIаб маршрут, берцинаб бакI. Буго туристазулаб маршрут Гьигьалъ росулъе, 1999 соналъул августалъ гьениб букIараб лъугьа-бахъиналъул тарих лъазе бокьаразе.

**-Туристал жеги лъикI къабул гьаризе ресал ругищ, ай гIолел-гIоларел рахъал?**

-Ахираб заманалда цебетIолеб буго туризм. Киса-кирего ралел руго гьалбадерил рукъзал, росабалъ къачIалел руго рехун тарал минаби. Дица абила, туризм цебетIуралдаса мугIрузул районазул росабиги цIилъулел руго. БакI-бакIазда ралел руго санагIатал бакIал, киса-кирего чIезарулел руго шартIал. Руго хIухьбахъизе скамейкаби, беседкаби ва цогидаби. Кинабго гього заманалда гьабун бажаруларо, бажарараб хIалалъ гьабулеб буго. Районалда ТIинди росу буго бищун кIудияб. Гьениб росдал гIадамазул гIарцудалъун хьил тIуна росулъе унеб нухда. Гьезул буго гьитIинабго, ай 9-10 цIараки бугеб цо кули. Цо чияс 10 миллион гьурущги харж гьабун тIуна росулъан гьенибе щвезегIан нухда хьил.

Нухал руго туризм цебетIеялъулъ аслияб бакI ккола нухаз. ГIабдурахIман Камиловас 400 миллион гьурущги биччан бахъана цебе киданиги нух букIинчIеб Хушет росулъе нух. Араб соналъ районалде щварав Меликовасдаги бихьана меценат, депутат ГIабдурахIманица гьабураб хIалтIи. Гьелдаса хадуб хIукму ккана хIукуматалъ гIарацги биччан, гьеб нух тIадеги гIатIид гьабизе.

**-Туристал рачIунел рукIиналдаса разилъи гьечIолъи загьир гьабулел гIадамал кколищ?**

-Гьеб цIумадисезе кьезе кколеб суалго гуро. Ниж кидаго рукIана гьобол ва гьудулгьалмагълъиги хириял, тIаде вачIарасе хьулухъ гьабизеги лъалел, ракI гIатIидал гIадамал. Гьеб киназдагоги лъала.

Дица гIолохъабазда абула, тIаде вачIарав гьобол, вукIа гьев турист, вукIа цогидав, дихьеги вачеян хабар-кIалалъеги, чай-кофе гьекъезеги.

**Гара-чIвари гьабуна Рукъият ГIалисултановалъ**

# Спорталъул лъазабиял

### ФУТБОЛ

31 августалда Агъвали тIобитIизе буго районалъул бетIерасул «Кубок Главы» призалъе футболалъул рахъалъ районалъул турнир.

Турниралда гIахьаллъизе бокьаразул заявкаби къабул гьаризе руго 30 августалда сагIат 17 тIубалелде. Заявкаби рукIине ккола росдал бетIерасул ва медучреждениялъул подписьгун печать бугел.

Мандаталъулаб комиссия ва можоро тIами букIине буго 30 августалда сагIат 17 тIубараб мехалъ. КватIараб команда турниралде биччазе гьечIо.

Турнир байбихьизе буго 31 августалда радал сагIат ичIгоялда.

Бергьараб команда ва призерал кIодо гьаризе руго кубоказдалъун ва гIарцулал сайгъатаздалъун:

1 бакI- 30000 гьурущ,
2 бакI-20000 гьурущ,
3 бакI-10000 гьурущ.

ТIадеги баян лъазе бокьараз телефоналъ ахIизе бегьула гьаб номералде 8963 407 76 86.

* * *

### АРМРЕСТЛИНГ

Район гIуцIаралдаса 95 сон ва августалъулал лъугьа-бахъиназ 25 сон тIубаялда хурхун 7 сентябралда Хуштада рохьоб «Горные вершины» абураб хIухьбахъиялъул базаялда тIобитIизе буго кверал рагьизариялъул (армрестлинг) рахъалъ гIолохъабазда гьоркьоб районалъул чемпионат.

Къецал тIоритIизе руго 7 сентябралда радал сагIат 10 ялда.

Бергьаразе кьезе руго кубкалгун грамотаби ва гIарцулал сайгъатал:

1 бакI-5000 гьур.,
2 бакI-3000 гьур.,
3 бакI-2000 гьур.,

ТIадеги баян лъазе бокьараз ахIизе бегьула телефоналъул гьаб номералде 8 932 621 27 07.

* * *

### СПОРТАЛЪУЛ МИЛЛИЯЛ ТАЙПАБИ

7 сентябралда радал сагIат 10 ялда Хуштада рохьоб «Горные вершины» абураб хIухьбахъиялъул базаялда тIобитIизе буго ветераназда гьоркьоб (60+) спорталъул миллиял тайпабазул рахъалъ районалъул чемпионат.

Ветераназ къец базе буго гамачI рехиялъул, 16 килограммалъул гиря рехиялъул ва чIаралъуса кIанцIиялъулъ.

Бергьарал ва призерал кIодо гьаризе руго лъабабго тайпаялъул хIасилазухъ балагьун грамотабаздалъун, медалаздалъун ва гIарцулал сайгъатаздалъун:

1 бакI-5000 гьур.,
2 бакI-3000 гьур.,
3 бакI-2000 гьур.,

ТIадеги баян лъазе бокьараз ахIизе бегьула телефоналъ: 8 932 621 27 07.

**Август-1999**

# Заседание Совета ополченцев Цумадинского района

2 августа в актовом зале администрации района состоялось заседание Совета ветеранов ополчения 1999 года, с участием главы района, приуроченного к 25 летней годовщине вторжения международных террористов на Цумадинский район.



2 - 3 августа 1999 года международные бандформирования из соседней Чечни, попытались по нескольким направлениям проникнуть и захватить Цумадинский район Дагестана, но жители встали на защиту своей земли и дали отпор врагу. Это было началом тех памятных событий августа - сентября 1999 года, где ополченцами Дагестана была сохранена целостность не только Дагестана но и России!

После провала всех попыток захвата Цумадинского района, 7 августа бандформирования двинулись на Ботлих, где ботлихцы, годоберинцы, и в особенности андийцы также дали отпор.

Защита своей земли цумадинскими ополченцами стал примером для всего Дагестана!

И сегодня ополченцы Цумадинского района на своем собрании обсудили ряд вопросов:

-разработка комплекса мер по подготовке к празднованию 25 летней годовщины разгрома международных бандформирований и защиты конституционного строя на территории РД;

- разработка комплекса мер по гражданско - патриотическому воспитанию детей и молодежи на примере подвига ополченцев;

-ситуация с приданием статуса ветеранов боевых действий участникам ополчения 1999 года;

-ситуация в социально - экономическом развитии района в свете заявлений В. В. Путина «…в горы придут дороги, свет, тепло…», обещанных Президентом РФ как награду ополченцам за их подвиг.

Вел собрание председатель Совета ветеранов ополчения при администрации Цумадинского района Магомед-Гаджи



Галбацдибиров.

-Идеологи вторжения возлагали большие надежды на местных жителей, что они тоже присоединятся к ним и вместе пойдут дальше... И если бы случилось так, как предполагали Багавудин и его сообщники, то судьба Дагестана и России могла бы пойти по другому вектору...

Но этого не случилось, прежде всего, благодаря таким патриотам и алимам, как Мухаммадсаид Хаджи-имам Хасавюртовской центральной мечети в 1999 году, Идрис Хаджи - имам Махачкалинской центральной мечети в 1999 году, Саидгусен - имам с. Кванада в 1999 году, ныне имам центральной мечети г. Кизляра; Хусен Хаджи в 1999 году и ныне имам села Тинди... Благодаря им и другим знатным выходцам нашего района удалось удержать многих цумадинцев от примыкания к вторгшимся из Чечни бандформированиям,- отметил в своём выступлении Ахмедпаша Амирилаев - вице - президент «Союза ветеранов ополчения Дагестана 1999 года», а в 1999 году - командир ополчения, первым в Дагестане сформировавший контрактный взвод в селе Гигатли в августе 1999 года...

О подготовке к празднованию 25 летия и о социально - экономическом развитии района проинформировал в своем выступлении Глава Цумадинского района Шамиль Омаров.

Были обсуждены некоторые вопросы об объединении ополченцев всего Дагестана и о состоянии и придании статуса ополченцам... С информацией поэтому волпросу выступил Магомедрасул Гагиев.

Выступившие с замечаниями и пожеланиями ополченцы единодушны - надо усилить работу. За ополченцев говорить и решать никто не будет, кроме самих ополченцев!

**М-Г. Галбацдибиров**

# ПОСТАНОВЛЕНИЕ №101

**от 31 июля 2024г.**

**Об утверждении административного регламента по предоставлению муниципальной услуги**

В соответствии с Федеральным Законом от 27.07.2010 № 210-ФЗ «Об организации предоставления государственных и муниципальных услуг», постановлением администрации МР «Цумадинский район» от 31.07.2024 № 101 «Об утверждении Порядка разработки и утверждения административных регламентов предоставления муниципальных услуг», администрация МР «Цумадинский район» **постановляет:**

1.Утвердить административный регламент предоставления муниципальной услуги «Предоставление земельных участков в собственность военнослужащим, лицам, заключившим контракт о пребывании в добровольческом формировании, содействующим выполнению задач, возложенных на Вооруженные Силы Российской Федерации, лицам, проходящим (проходившим) службу в войсках национальной гвардии Российской Федерации и членам их семей» согласно приложению.

2.Уполномочить на исполнение муниципальной услуги Отдел экономики, налогов, имущественных и земельных отношений администрации МР «Цумадинский район».

3.Опубликовать настоящее постановление в местной газете «Голос Цумады» (Малачдибиров У. С.) и разместить на официальном сайте администрации МР «Цумадинский район» в сети Интернет (http://www.mo-tsumada.ru) (Закарьяев Ш. М.).

4.Контроль за исполнением настоящего постановления возложить на заместителя главы администрации МР «Цумадинский район» Магомедов Х. Г.

**Глава муниципального района**
**«Цумадинский район» Ш.Омаров**

**ВатIан цIунулев**

# Баркалаялъул кагъат

Гьал къояз Гъоркьгъаквари росдал школалъул директор Руслан МуртазагIалиевасул ва гьесул лъади ПатIимат АхIмадовалъул цIаралда бачIана гьезул вас АхIмадица хъулухъ гьабулеб рагъулаб часталъул командирасул Баркалаялъул кагъат.



БЛАГОДАРСТВЕННОЕ ПИСЬМО

Уважаемые
Патимат Хайбулаевна и Руслан Абдулмажидович!

Командование войсковой части 78004 выражает Вам искреннюю благодарность за воспитание Вашего сына, Муртазалиева Ахмеда Руслановича.
За время прохождения службы в нашей части Ахмед зарекомендовал себя только с положительной стороны.
Добросовестно исполняет свои служебные обязанности, является примером для своих сослуживцев. Пользуется большим авторитетом у командования части и подразделения и уважением со стороны товарищей.
Всегда готов оказывать помощь своим сослуживцам.
Своей добросовестной службой Ахмед продолжает славные традиции своих предков, поддерживает и повышает боевую готовность своего подразделения, воинской части и тем самым укрепляет обороноспособность своей Родины.
Вы можете гордится своим сыном. Он не уронил честь Вашей семьи и своей службой заслужил самых добрых слов в свой адрес и в адрес родителей, которые воспитали такого прекрасного человека.
Желаем Вам крепкого здоровья и семейного благополучия.

С уважением,
КОМАНДИР ВОЙСКОВОЙ ЧАСТИ 78004
подполковник Д. Рошиор
12 июня 2024 года

Васасе тарбия кьуралъухъ часталъул командованиялъ ракI-ракIалъулаб баркала кьолеб буго ПатIиматие ва Руслание.

Жидер часталда рагъулаб хъулухъ гьабулеб заманаялъ АхIмадица живго вихьизавунин гIицIго лъикIаб рахъалъан, ракIбацIцIадго тIуразарулел ругин жиндирго тIадал ишал, хъулухъ цадахъазе мисалиявлъун вугин, рагъулаб часталда, подразделениялда ва гьалмагъзабазда гьоркьоб къадру бугилан хъвалеб буго кагътида.

-Нуж чIухIизе бегьула нужерго васасдаса, гьес гIодобе ккезе биччачIо нужер хъизаналъул кьимат, ракIбацIцIадаб хъулухъалдалъун мустахIикълъана жиндир ва эбел-инсул рахъалъ хIеренал рагIабазе.

Гьарула нужее щулияб сахлъи ва хъизаналъулаб талихI.

Гьедин хъвалеб буго рагъулаб часталъул команирас.

# Зайнабиде барки



Мун магIарулазе
Давлалъун кьурай
МагIарул мацIалъул
ЛъикIай мугIалим.

Авар миллаталда
Нур базабурай,
ГIагараб росдае
Даим хIажатай.

Дур пасихIаб калам,
ГIакъилал дарсал,
ХIажат руго гьанже
ГIун рачIунезе,

ГIагараб мацIалда
Рокьигун тIалаб,
Щивасул рекIелъе
Рортизарула

Жакъа мун гьаюраб
Гьайбатаб байрам,
Баркула ракI-ракIалъ,
МугIалим Зайнаб!

Гьарула чорхое
Сахлъи, щулалъи
Халатал, талихIал
ГIумрудул сонал.

**Юнус ГъазимухIамадов,**
Гьигьалъ школалъул учитель

**Предупредите детей!**

## Способы мошенничества в отношении подростков

Основная цель злоумышленников -получение от ребёнка информации с банковской карточки его родителей.

Школьнику может прийти сообщение, якобы от администратора Telegram-канала или же страницы в социальной сети известного блогера. В таком сообщении киберпреступники информируют ребёнка, что он якобы выиграл в одном из конкурсов, в котором ранее принимал участие.

Для получения приза ему присылают ссылку, где необходимо ввести данные банковской карточки его мамы или папы, а также код из СМС сообщения, который придёт на родительский телефонный номер.

Если ребёнок делает всё в соответствии с инструкцией злоумышленников, то деньги с банковской карточки родителей мгновенно списываются.

Родителям необходимо как можно чаще проводить с детьми разговоры о необходимости соблюдения финансовой и цифровой безопасности. Например, ребёнку нужно сказать, чтобы он никогда не переходил по незнакомым ссылкам, никогда и нигде не вводил данные банковской карточки без разрешения родителей. Кроме того, детям надо рассказать, что не стоит сразу же верить любым сообщениям о том, что они где-то выиграли или же прельщаться лёгким заработком в интернете.

МВД России обращено внимание на активность телефонных аферистов и киберпреступников в отношении несовершеннолетних граждан. Дети и подростки остаются среди наиболее уязвимых категорий населения в плане психологической защищенности от мошенников. Активное использование интернета, мобильных устройств, участие в онлайн-играх и совершение покупок в интернет-магазинах увеличивает их риски стать жертвами мошенничества.

Часто мошенники используют различные уловки, чтобы заставить доверчивых школьников разгласить данные своих или родительских банковских карт. Например, на сомнительных сайтах предлагают «бесплатные» игровые предметы, такие как скины в Counter-Strike, Roblox, читы или дополнения для Minecraft или в других популярных играх. Также распространена схема, при которой в социальных сетях или мессенджерах школьникам сообщают о якобы выигрыше в розыгрыше. Однако для получения приза требуется предоставить данные банковской карты. Иногда розыгрыши действительно проводятся известными блогерами, и школьник может участвовать в них, но до официального объявления победителей неизвестные лица могут назваться представителями организаторов и попытаться получить конфиденциальную информацию (платёжные данные).

Кроме того, мошенники предлагают школьникам «заработать» в интернете, используя различные схемы, включая финансовые пирамиды и криптовалютные проекты. Подростки, вкладывая деньги в эти проекты в надежде быстро разбогатеть, рискуют потерять свои средства, которые в итоге попадают на счета злоумышленников.

Будьте бдительны и предупредите своих детей о возможных угрозах в сети Интернет!

**ОМВД РОССИИ по Цумадинскому району РД**

## Важность диспансерного наблюдения

Диспансерное наблюдение проводится для пациентов бесплатно по полису ОМС. Диспансерному наблюдению подлежат граждане, стоящие на учёте у какого-либо медицинского специалиста из-за состояния своего здоровья. В соответствии с показателями здоровья на диспансерный учёт ставятся лица:

-с определёнными хроническими заболеваниями (неинфекционными и инфекционными);

-с высоким риском развития заболеваний, приводящих к инвалидности и смерти;

- перенёсшие тяжёлые болезни и нуждающиеся в реабилитации;

- страдающие функциональными расстройствами.

Обязательное медицинское страхование предусматривает для таких больных бесплатные консультации врача, анализы и обследования, амбулаторное и стационарное лечение. При этом медицинский работник обязан информировать граждан, находящихся на учёте, о порядке и периодичности диспансерного наблюдения, а также проводить диспансерный приём на дому, если гражданин не в состоянии сам посетить лечебное учреждение.

Диспансерное наблюдение осуществляется в поликлинике по месту прикрепления врачом-терапевтом и врачами-специалистами (невролог, кардиолог, гастроэнтеролог, онколог, аллерголог, эндокринолог, акушер-гинеколог, ревматолог, нефролог, пульмонолог и др.), а также фельдшером отделения медицинской профилактики или центра здоровья, фельдшером или акушером фельдшерско-акушерского пункта.

Периодичность диспансерных приёмов зависит от заболевания, которым страдает пациент. В среднем это 2-3 раза в год.

Своевременно проходите диспансерное наблюдение. Это поможет избежать обострения и осложнения болезни, улучшить состояние здоровья.

**А.Шапиев,** главный специалист-эксперт Ботлихского филиала ТФОМС РД

**ММА**

## ГIумар НурмухIамадовасул анлъабилеб бергьенлъи

ММАялъул рахъалъ Абу-Дабиялда гьал къояз тIобилъи босана американав Кори Сэндхагенида тIад. Россия-




тIараб зударарагъалъул абсолютияб чемпионаталъул (UFC) аслияб дандчIваялда нилъер ракьцояв Силдиса ГIумар НурмухIамадовас бергьенлъул спортсменасе бергьенлъи къуна киналго судиязбазул разилъиялдалъун. UFCалъул президент Дэйн Уайтица рагIи къун букIана гьеб дандчIваялда бергьарав чемпионаталъул титулалъе гIоло вагъизе вугилан.

Гьединлъидал, ГIумарил хадусеб дандчIвай букIине буго американав Жон О Меллидалгун гуржияв Мераб Двалишвилил букIинесеб дандчIваялда бергьаравгун.

Гьанжесеб бергьенлъи ккола ГIумарил UFCиялда анлъабилеб. ММАялъул карьералда гьесул буго цониги къей гьечIеб 18 бергьенлъи.

Баркула ГIумарида ирга-дулаб бергьенлъи! Ниж гьесдаса чIухIула ва божула церехун жеги гIезегIан борхалъаби рукIиналда гьес бигьаго росизесел.

Гьарула щулияб сахлъи, икъбал ва рохел.

**ГI.Малачдибиров**

## ГIумар НурмухIамадовасде

МугIрузул цIумазул ЦIумада район,
ЦIад меседил баги Силди росулъе.
Дунивал квегъизе васал куцарав
Алжан насиблъаги ГIабдулманапий.

Американасул чараб мугъалда
Чорхол къуваталъул къвакIи бихьана,
Къуркьи гьечIел васал, сси бугеб агълу,
Баркула, мишаби, щвараб бергьенлъи!
Абу-Дабиялъул гIарабияца
ГIураб къимат кьуна кьурул бисалъе,
Босе гьанже, ГIумар, гIебеде билет
Бергьенлъи чуризе, чаял гьекъезе.

**Хадижат Килялълъа**

**АДМИНИСТРАЦИЯ СЕЛЬСКОГО ПОСЕЛЕНИЯ «СЕЛЬСОВЕТ ТИНДИНСКИЙ» ЦУМАДИНСКОГО РАЙОНА**

## Распоряжения №14

**31.05.2024 год**

**О повышении размеров денежного вознаграждения лиц, замещающих муниципальные должности в муниципальном образовании сельского поселения «сельсовет Тиндинский» Цумадинского района Республики Дагестан, должностных окладов и окладов за классный чин муниципальных служащих в муниципальном образовании сельского поселения «сельсовет Тиндинский» Цумадинского района Республике Дагестан, исходя из которых определяются нормативы формирования расходов на оплату их труда**

В соответствии с постановлением Правительства Республики Дагестан от 24 мая 2024 года №136 «О повышении размеров денежного вознаграждения лиц, замещающих муниципальные должности в Республике Дагестан, должностных окладов и окладов за классный чин муниципальных служащих в Республике Дагестан, исходя из которых определяются нормативы формирования расходов на оплату их труда» **Распоряжаюсь:**

1.Повысить с 1 июня 2024 г. в 1,5 раза размеры денежного вознаграждения лиц, замещающих муниципальные должности в муниципальном образовании сельского поселения «сельсовет Тиндинский», должностных окладов муниципальных служащих в муниципальном образовании сельского поселения «сельсовет Тиндинский», окладов за классный чин муниципальных служащих в муниципальном образовании сельского поселения «сельсовет Тиндинский», исходя из которых определяются нормативы формирования расходов на оплату их труда;

2.Главному бухгалтеру администрации сельского поселения «сельсовет Тиндинский» внести соответствующие изменения в штатное расписание;

3.Настоящее распоряжение вступает в силу с 1 июня 2024 года.

4.Контроль за исполнением настоящего распоряжения оставляю за собой.

**Глава сельского поселения «сельсовет Тиндинский» М. Магомедов**

БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич 2-52-44

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, Цумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул «Цумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, 1 «А» Тираж - 1193 Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальгольи гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ05-00434 от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты GoIostsumady@maII.ru